

28 jen 2021

Chè Fanmi/Responsab Elèv Klas 8èm Ane

Nou swete kominikasyon sa a jwenn oumenm ansanm ak fanmi ou an bòn sante fizikman ak emosyonèlman.

Pandan ke oumenm ansanm ak pitit ou a(yo) ap apwoche fen 8èm ane a epi antisipe kòmansman pakou lekòl segondè yo, nou ta renmen pran moman sa a pou prezante ou depatman matematik la nan Cambridge Rindge and Latin School (CRLS) epi bay enfòmasyon konsènan pwogram matematik la isit la. Depatman matematik la ap fè efò pou kenbe misyon lekòl la menm jan ak vizyon depatman matematik la epi sèvi ak li pou klarifye desizyon nou yo konsènan kou yo, kourikoulòm ak pedagoji.

Vizyon Depatman Matematik:

Kreye kominote matematik ekitab ki angaje tout elèv nan bay yon sans a matematik difisil, bay tout elèv aksè nan kourikoulòm difisil epi pèmèt elèv yo patisipe yon fason siyifikatif nan diskou sou matematik. (Asosyasyon Nasyonal Pwofesè Matematik)

Jan nou tout konnen an, ane sa a te poze defi enprevizib ki te mande ajisteman nan politik, pwosedi, ak kominikasyon, sa ki te fòse nou re-envante epi repanse ak kisa lekòl yo sanble, pandan n ap prezève angajman distri yo nan pratik ak aksè ekitab. Nan sipò objektif kolektif CPS pou li se yon distri antiracist, depatman matematik CRLS adopte yon apwòch olistik pou evalye preparasyon chak elèv pou pa mete li nan yon kou matematik patikilye CRLS nan mande bagay sa yo:

- A. Revisit konplèt nan modil nesèsè yo nan **8èm ane** → **Pwogram Aljèb CAMbridge (Comprehensive Algebra Modules) ke yo ofri ane sa a atravè CPS.**

OSWA

- B. Prèv revisit konplèt nan yon pwogram dete apwopriye ki kouvri kontni an klas elèv la ap mande yo pa mete li a.

OSWA

- C. Rekòmandasyon (gade opsyon anba yo)

- Rekòmandasyon Pwofesè - Yon rekòmandasyon pwofesè matematik elèv la ane ki sot pase a ki endike konviksyon yo ke elèv la ka konplete ak siksè yon klas matematik espesifik baze sou dènye pèfòmans, nòt, ak efò.
- Rekòmandasyon Pwogram Dete - Yon rekòmandasyon enstriktè yon pwogram dete, ki kouvri kontni kou nesèsè, elèv la te pran.
- Rekòmandasyon Fanmi - Yon rekòmandasyon fanmi elèv la ki mande pou pa mete elèv la nan kou matematik aktyèl pwograme yo a, ki ateste ke preparasyon elèv la pou pwochen nivo nan sekans estanda kou matematik CRLS yo.
- Rekòmandasyon Pèsonèl - Yon rekòmandasyon elèv la nan non li, pou mande yo ke yo pamete li nan kou matematik aktyèl pwograme yo a, ki ateste preparasyon pèsonèl yo pou pwochen nivo nan sekans estanda kou matematik CRLS yo.

EPI

1. Dokiman Sipò(yo)/Prèv (1 nan bagay sa yo pou sipòte opsyon "C")

- Nòt final oswa rapò sou pwogrè ou te resevwa nan klas matematik ane ki sot pase a

- Nòt final oswa rapò sou pwogrè ou te resevwa nan pwogram dete
- Deskripsyon preparasyon elèv la pa yon manm adilt nan fanmi an ak/oswa konseye adilt baze sou sou obsèvasyon
- Rapò sou pwogrè/kwasans nan kou sou entènèt ki konpare evalyasyon "anvan" ak apre"
 - Pòtfolyo nòt ak travay endividyèl ki soti nan preparasyon pèsònèl

Pou kòmanse demann sa a, tanpri

- Konekte sou kont CPS ou a
- [Ranpli fòm sa a](#)
- Imèl tout referans ak dokiman sipò yo bay konseye pedagogik elèv ou a, cc'ing nan Kourikoulòm pou Matematik, Siobahn Mulligan

Aprè yo fin revize demann lan ak dokiman sipò yo, dwayen an, konseye pedagogik la oswa yon pwofesè matematik ka kontakte elèv la ak oswa fanmi an pou plis enfòmasyon. Elèv ke yo jije pare pou pa plase yo pral resevwa notifikasyon via imel, telefòn, oswa yon chanjman orè dirèk.

Tanpri sonje ke tout elèv ki plase yo pral nan yon peryòd "pwobasyon", sa ki pèmèt pwofesè yo evalye si se yon bon plasman pou yo kapab reyisi.

Mèsi epi nou espere ke pitit ou a pral gen yon karyè matematik reyisi pandan pasaj li nan CRLS.

Avèk Respè,

Julie Ward Siobahn Mulligan

Julie Ward Siobahn Mulligan

Matematik Koòdonatè K-12 Dwayen Kourikoulòm ak Pwogram yo, Mathematics Cambridge Public Schools
Cambridge Rindge & Latin School jward@cpsd.us smulligan@cpsd.us

617. 349. 6683 617. 349. 6650